



ပြည်ထောင်စု



ပြည်ထောင်စု၏

- H. J. SNEEP, ကိုယ်ပိုင် ဆေးရုံဆေးကုရေး ဆေးရုံဆေးကုရေး
- HIMAHUIS, ဆေးရုံဆေးကုရေး နေရာဆေးကုရေး ဆေးရုံဆေးကုရေး
- ONG DJIN HAY, ဆေးရုံဆေးကုရေး

ပြည်ထောင်စု
RALEIGH



ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏
 ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏
 ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏

ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏
 ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏

ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏ ပြည်ထောင်စု၏

f 10.—

ပြည်ထောင်စု၏

TANAH NGRIKI.

Kraman wajah dalem. Kawartosaken, B. K. P. Angabehi ing Soerakarta, mentas ngramakaken poetrinipoen nama R. A. Samsinah angsal R Ng. Sosrosawardo poetrinipoen pepatih dalem. Sadaja namoeng sarwa ringkesan, bibar idjab ladjeng kabojong.

Poenapa toemrapping tjang limrah badé rikoeh nélad tjara ingkang kados makaten poenika. Sedéng ingkang sinatrija ageng nindakaken tjara ringkesan kados makaten.

Dr. A. Rivai ngadjawi. Béndjing tanggal kaping 12 woelan November, Dr. A. Rivai datang ing Tandjoeng Priok, noempak kapal Marnix van St. Aldegonde.

Sawoeng sepeoh poenika kados poendi badé kawontenanipoen ing kalangan, deréng kasoe-arepan.

Pergoeroean Ra'jat ing Poerworedjo. Kawartosaken ing Poerworedjo wonten bikakan Pergoeroean Ra'jat toewin gedéng Persatoean. P. R. waoe badé ngawontenaken woelangan basa Inggris, Walandi toewin cursus a. b. c. poenapa déné ha na tjara ka. Bajaranipoen sawoelan f 1.— Ing dalem saminggoe sinaoe kaping kalih.

Poenika satoenggiling kamadjengan ing Poerworedjo.

Padjeg siti. Mitoeroet pawartos, padjeg siti ing tanah Djawi toewin Madoera wonten 33 joeta roepijah, ingkang malebet kirang sanget. Déné sababing kirang waoe amargi wantjini-poen panén ing sapoenika ragi kasép, wonten pinten-pinten panggenan ingkang boten kamedalan.

Kendoning lebeting padjeg waoe nama saweg njarengi kalamanganipoen.

Soedaning patjeklik ing Tjarenan. Mitoeroet pawartos, ingkang wadajib ing Banten boten mireng pawartos malih ing bab patjeklik ing laladan Tjarenan, ingkang djalaran saking soedaning pamedal ngantos 75. Ing sapoenika wontenipoen tetjjang ingrikoeh saged angsal padamelan ing irigasi, kénging kanggé njekapi kabetahanipoen. Kadjawi poenika oegi taksih angsal pitoeloengan saking golongan sanés.

Soekoer.

Pitoeloengan toemrap golongan tani. Wonten pawartos, Direc-teur tetanén kaparengaken ngedalaken arta f 18.000 kaparingaken datang Gouverneur Djawi Kilén preloe kanggé toembas widji pantoen, ingkang badé kaparing-paringaken datang rakjat, ingkang dipoen pratélakaken déning pangageng nagari, toemrap ing onder-district Tjarenan, kaboepatén Sérang.

Pitoeloengan saking Paréntah poenika, moegi dadosa oelar-olar katentreman.

Conferentie para Inspecteur pangadjaran. Conferentienipoen para Inspecteur pangadjaran ing tanah Djawi sampoen kalam pahpan, katjah rembag ingkang migatosaken bab pangiridan. Ing sapoenika taksih ngentosi katrangan saking para Inspecteur ing tanah Sarbang, mangké manawi sampoen nglempak, badé ngintoenaken oesoel dateng Paréntah loemantar Begrootingscommissie.

Bab pangiridan kados boten kénging dipoen doewa malih, nanging bab pangiridan waoe pinoedji sampoen ngantos damel kapintoenan ingatasiipoen pangadjaran.

Panarimah saking Paréntah Nanking. Wewakil karadjan Walandi ing Nanking tampi prasaben saking Minister prakawis sadjawining pradja, soepados ndoemogékaken panoewoen datang Paréntah ngriki, anggènipoen sampoen mbijantoe dokter toewin djampi djampi toemrap Tiongkok loemantar Oostersch Bureau Gezondheidsdienst Volkenbond.

Tindak poenika moegi dadosa lantaraning karaadjaran.



Andjadjah Djawi Kilén kanji sepéda. Inggil poenika gambaripoen para moeda sakawan, asli ing Garoet, ingkang ndjadjah Djawi Kilén noempak sepéda, saking kiwa manengen: Aboebakar, Pahman, Roeslan toewin H. W. Kiya-kiya ingkang dipoen ambah ing bawah Prijangan, Betawi toewin Tjirebon, sandayan lampahipoen rekaos, nanging wilodejeng saged kasembadan.

Ing djaman sapoenika kasenanganipoen para moeda, manawi dar-mawisata, adedasar oelah raga.

Nanggoelang lintah darat. Burgemeester ing Magelang gadah sedy a badé ngedegaken pakempalan nanggoelang lintah darat, awit katingalipoen ing bawah Magelang katjah tjang ingkang dados tedjangan lintah darat.

Pinoedji, moegi djaman ingkang kados makaten poenika boten ndadosaken djalaran lemaning lintah darat. Mila ada-ada panang-golang waoe moegi mitadosana.

Tindak salingkoeh. Kawartosaken, djaksa ing Soekaboemi ingkang kawadajiban nariki denda saking landgerecht, dipoen tjepeng saking dawoehing Parket, djalaran kadakwa njalingkoehaken arta katjahipoen f 3600.— inggil poenika arta asli angsal-angsalan denda ing taoen poenika. Ing bab poenika sampoen manggih titik, kinten-kinten tindak makaten waoe temtoe sampoen toemindak gang-sal taoenan, toewin goenggoenging arta ingkang dipoen saling-

koehaken kinten-kinten wnten f 15.000.— Woesana wonten katanganan malih, djaksa wae ngakeni, arta ingkang kasalingkoehaken wnten f 20.000.— katindakaken salebetipoen 5 taoen. Arta sadaja wae asli arta dendaan.

Tindak salingkoeh ingkang kados makaten poenika, nama loemintoe, awit dipoen tindakaken ngantos tetaoenan.

Tindak salingkoeh. Sampoen sawatawis dinten, directeur pamoelangan normal ing Soerakarta ketjalan arta ing parimatam goenggoeng f 3500.— Poelisi ingkang nampeni palapoeran bab poenika ladjeng nindakaken papriksan, ananging boten manggih tandha pangrisak poenapa-poenapa. Ladjeng wonten pawartos malih, directeur wae ladjeng ngakeni, bilih arta wae dipoen salingkoehaken pijambak, saha sareng kapriksa goenggoeng arta ingkang itjal f 4500.— Prakawis ladjeng katindakaken saproloenipoen.

Tijang manawi saweg kataman pepeteng, wontenipoen namoeng ketjaketan saopeé.

Pest ing Bandoeng. Kawartosaken, mitoeroet palapocran saking pakarjan kasarasan ing salebetipoen tigang woelan, ing afdeeling Bandoeng toewin Soemedang wonten tijang sakti pest 100, pepétanganipoen tijang siti 97, bangsa Tionghoa 3.

Sesakit pest poenika satoenggiling sesakit ingkang mbabajani, soekoer déné tetijang sampoen sami mangretos dateng kadjenging ririgen ing bab kasarasan.

Tindak octami. Ing Malang wonten dokter Walandi tiga, sami golong ing rembag badé mitoeloengi lelahan dateng bangsa Walandi ingkang boten koewawi ambajar. Déné tjaranipoen, tijang sakti ingkang datengipoen autawis djami kalihwelas doemoegi djam satengah satoenggal boten badé kakéngingaken ing bajaran.

Poenika prajogi dados panggalihanipoen para dokter tijang siti, moegi kaparenga sami nindakaken kaetamèn ingkang kados makaten

Landbouw-voorlichtingsdienst ing Bali lan Lombok. Ir. Radèn Goenoeng Iskandar, landbouwconsulent ing Bogor, dipoen tetepaken dados landbouwvoorlichtingsdienst ing Bali lan Lombok, manggen ing Mataram.

Ahli bangsa Djawi ingkang pinatah déning Paréntah poenika, moegi andadosna kamadjenganing nagari ingkang dipoen wengkonl.

Moerid Mulo dipoen pradja. Sampoen sawatawis dinten moerid pamoelangan Mulo Kristen ing Magelang, nama Pratikta, poertranipoen collecteur O. R. ing wantji éndjing kasoemerepan sampoen pinanggih tiwas kanji nanngan tatoe ing goeloe. Poelisi sampoen ladjeng angsal katrangan, njepeng laré asli saking Soerabaja. Tijang ingkang katjepeng kanggénan djam mas gadahanipoen ingkang tiwas toewin lading gapit goebras rah, gadahanipoen tijang ingkang njipeng wonten panggénipoen Pratikta. Sapoenika saweg kapriksa prakawisipoen.

Mirid nalar, tindak wae toewoeh sakine mélik anggéndong lali.

Panggebagipoen loterij. Kawartosaken, loterij St. Jozef, ingkang kawontenaken ing wkdal poenika, kagebag béndjing dinten Slasa tanggal kaping 10 woelan poenika.

Mangga, para ingkang sami moendœt, kaparenga sami patigeni.

Ngrembag bab hadad. Aksi martosaken, B. O. ing Mataram mentas ngawontenaken pasaracéan, ngrembag bab hadad Soeltan Agoengan. Ingkang moerawani Mr. Hoed, dipoen bantah déning Mr. Djodjidoeno, Ki Adjar Dewantoro toewin sanès-sanèsipoen, woesana ladjeng dipoen tengahi déning Ir. Soerachman. Wosing rembag ingkang dipoen pangandikakaken Mr. Hoed, poenika badad karangan kilénan.

Sami-sami babagan serat, bab poenika toemrapping bangsa Djawi anggépnen migatosaken sampoen toemanem jektos, saha ngadjengi dateng wewaton ingkang sampoen kelimirah, boten gampang dipoen éwahi malih, Mila sok noewoehaken seling serep.

Sesakit typhus ing Bandoeng. Kawontenanipoen tijang sakti typhus ing Bandoeng, ing salebetipoen tigang woelan mindak sakedik. Pakarjan kasarasan nindakaken panjegah sarana njoentik lelahan toewin kintepen serat dateng pamoelangan-pamoelangan ing Bandoeng, soepados para goeroe toewin para moerid sami toemindak kasoentik.

Tindak soentik panoelak sesakit, poenika wadjib dipoen wigatosaken ing saben tijang, awit poenika nama tindak pangreksa kawiloedjengan.

TANAH NGAMANTJA (ASIA).

Wet perang. Mitoeroet pawartos saking tijang ingkang noedjoe andon lampah saking Kirin dateng Peiping, Djepan sampoen nindakaken wet perang wonten ingrikoe. Angawisi tijang langkoeng, sadaja pamoelangan dipoen titi, djalaran njamaraken manawi ingrikoe wonten waosan ingkang soeraosipoen boten matœk datena Djepan.

Temen lan botenipoen pawartos wae, dérèng kénging katemtokaken, amargi dérèng wonten pawartos sanèsipoen malih.

Ambijantoe tijang awon. Nalika poelisi Tionghoa toemindak badé njirnakaken tijang awon ing Kiu Chien Wu toewin ing Hei Shan Sien, katingal wonten mesin maboer Djepan 3 sami kekalangan wonten ing gegana, ndjalari tetijang awon wae saged ontjat.

Poenika wonten raos bilih tindak kados makaten poenika ateges mbijantoe dateng tindakipoen tijang awon wae.

Tetijang ingkang dados bebantenipoen tijang awon. Tetijang bangsa Korea ingkang dados bebantenipoen tijang awon ing Mantsjoerije kapétang: 323 dipoen pedjahi, tijang éstri ingkang katjepeng 50, grija ingkang dipoen besmi 300, grija ingkang dipoen djarah rajah 2000, toewin taksih kajah ingkang dérèng dipoen priksa. Kados makaten toewoehing reresah ing mangsa boten tentrem.

Djepan toewin Rus. Minister babagan prakawis sadjawining pradja, prasaben dateng oetoesan Djepan ing Moskou, bilih Djepan roematos boten seneng dateng ebah-ebahan wadya Rus ing tapel wates Mantsjoerije, toewin gadah paneдах soepados Rusland njirep ebah-ebahan ingkang njamari poenika.

Dados Djepan inggih njamaraken dateng tindakipoen Rusland.

NAGARI WALANDI

Hawa asrep. Wonten pawartos saking Den Haag, ing tanggal 28 woelan October asrepipoen angegiris. Ing salebetipoen 83 taoen sapriki, dérèng wonten hawa asrep kados ing woelan October wae. Poenapa hawa asrep kémawon mawi intilan.

NAGARI NGAMANTJA (AMERIKA).


Tijang anggoeran soroh amoek. Wonten pawartos saking Paramaribo, koeli² anggoeran ingrikoe sami soroh amoek. Waroeng-waroeng sami dipoen djarah rajah, dilah-dilah gas sami dipoen risak. Poelisi-boten saged njegeh, ngantos dipoen bantoe déning militer. Wonten poenggawa Nagari tetiga nanngan tatoe toewin kajah grija-grija sami risak. Pabrik ès katoetoe. Ingkang wadjib ladjeng andjagi katentreman kanji santosa.

Hem, tijang kontjatan teđa poenika sok ndtengaken pepeteng.

LAMPOE LILOR

(ပေးအပ်ရမည်)

။ မှာ ရှိ ဟာ — မှီ ခို ဟော — က ရှိ ဟော



။ ရှေးအခါက မီးတောက်များကို မီးတောက်များကို
 120 ပုံ ပုံ ဟော
 24 မှ စတင် စာပေ အစီအစဉ် ဟော
 1 ပုံ ဟော

။ ပေးအပ်ရမည် No. 4820 က ရှေးအခါက မီးတောက်
 မှီ ခို ဟော f 16.50
 မှီ ခို ဟော 17.50

။ မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော

။ မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော

FIRMA JOSEPH RUTE — SOERABAJA

OBAT KORRENGZAL WOODS'



Ini paling baik
 BOEWAT PENJAKIT KOELIT, KOEDIS,
 GATEL, BISOEL' DAN LOEKA PADA BADAN

။ မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော (KORRENGZAL WOODS')

။ မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော
 မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော



။ မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော (PEPERMUNT CURE WOODS')

။ မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော
 မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော မှီ ခို ဟော

